

**ЕУМÆ ÆМВÆНДÆЙ КУ УÆН, УÆД НИН ЦИЙФÆНДИ ФУДРУН ДÆР ТÆССАГ НÆЙ!..**

***Федор ДОСТОЕВСКИЙ (1821-1881), финсæг: «Адæмихатт цæруй, кæрæдзебæл æй æнгом ка бæттуй æма ин æ цард ка рохс кæнуй, уæхæн арф лæдæруйнади æма устур гъудий агъазæй, уæдта адæм сæ уæллæй ка ’й, уони æмзунд ку фæуунцæ, уæд уони фæрци. Гъе уотемæй райгуруй адæмихатти тухæ. Биржити сæудегерти кустæй, соми аргъбæл тухсунæй нæ, фал, ке ранимадтон, еци арфиаг гъуддæгутæ ’нцæ адæмихатти гъомус...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№43 (1012) 2025 анзи 15 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


**ЕСКЕ ХУАРЗДЗИЙНАДÆЙ БАФÆНЗУНÆЙ АДÆЙМАГ РАЗÆНГАРДДÆРÆЙ ЦÆУЙ РАЗМÆ!..**

# ЕУКОМБÆСТАГ ДОРТÆМÆ ДÆР МА ЦИДÆР КУ ФÆУУЙ ЕУМÆЙАГ!..



Хамид САВКУЕВИ конд хузæ. Ист æй социалон хизæгтæй.

Адæмон еудзийнади Бони хуæдразмæ ци социологон æрфæрститæ арæзт æрцудæй, уонæми архайгутæй еу уотæ загъта:

– Адæмон еудзийнадæ æз уотæ лæдæрун, æма æ сæрбæлтау гъæуама æмзунд-æмвæндæй архайæн, цæмæй нæ Фидибæстæ тухгиндæр кæна æма си нæ еумæйаг цард зæрдæмæдзæугæдæр кæна. Фал нæмæ, гъулæггагæн, ес уæхæнттæ дæр, кæцити фæндуй, цæмæй адæм æрбангон уонцæ æма етæ ба ин æ усхъитæбæл ислæугæй исгæпитæ кæндзæнæнцæ айдагъдæр сæхе бæлдтаг мулкгин бæрзæндтæмæ. Æма етæ ба се ’дзæсгондзийнадæй зæранхæссæг æнцæ...

Загъд бæргæ раст æй, фал, баруагæс уи уæд, еци хæлæфгæнгутæ уоййасæбæл берæ дæр нæ ’нцæ, уæдта не ’хсæнади медæгæ æгъдауæвæрæг нæ ’нцæ. Цардаразгутæ ’нцæ уодæй кæдзос æма зæрдæй федар дзиллæ. Æма етæ дæр куд нæ бæллунцæ зæрдæмæдзæугæ уагæмæ æма куд нæ тундзунцæ. Æцæг – тундзунцæ арфиаг гъуддæгутæ аразгæй æма уонæбæл æнцойнæ кæнгæй. Етæ ’нцæ фарнæхæссæг æма уони зундирахасти фæрци нæ Фидибæстæ алкæддæр уодзæнæй фæразон æма тухгин.

**НÆ ЦАРДАРÆЗТ**



## «РÆСТМÆ ЦАРД КУД АРАЗГÆ ’Й, КУД ÆРТАСГÆ ’Й ФÆНДАГ?..»

Нæ бæрæгбæнттæй кæцидæртæн сæ нисанеуæг уæхæн фæууй, æма уотид циййнитæ – табедзитæй фæййевгъуйун кæнæ, зæгъгæ, уомæн æвгъау æнцæ. Сæ медес уоййасæбæл табуйаг æй, æма растдæр уодзæнæй, уобæл расагъæс кæнгæй си зундæфтауæнтæй еу æй адæмон еудзийнади Бон дæр. Е нин хуарз равгæ ’й, цæмæй нæхемæ æркæсæн, цæйбæрцæбæл рæстзæрдæй ни алкедæр хъазауат кæнуй нæ адæмон еудзийнади сæрбæлтау. Уой фæдбæл цæуй дзубанди, мæнæ абони ке мухур кæнæн, еци уаци дæр. Нæ зундгонд ахургонд Гостити Хъазбег æй кæд раги ниффинста (2006 анзи сæрди), уæддæр, махмæ гæсгæ, абони дæр ма ахсгиаг æнцæ, ци гъудитæ си загъта, етæ. Æрмæг ба кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

**АХСГИАГ ЦАУ**



## ЕУГУР АДÆМТИ ТÆРХОН – РÆСТАДИ ÆНОСОН ТÆРХОН

Фашистон Германи дæрæнгонд ку ’рцудæй, уæд уой хуæдфæсте, немуцаг сахар Нюрнберги арæзт æрцудæй Æхсæндуйнеуон трибунал, кæцими тæрхонгонд цудæй фашизм æма нацизм парахатгæнгути раздзæугутæн. Еци ахсгиаг цаубæл исæнхæст æй цуппаринсæй анзи, æма уой фæдбæл Уæрæсей Историон æхсæнадæ æма «Фидибæсти истори»-й фонди агъазæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети арæзт æрцудæй куст историон-документалон равдист «Нюрнберги тæрхондони гъуддаг. Историй нæисахургонд уроктæ». Уой хæццæ, аци ахсгиаг фарстай фæдбæл ма си арæзт æрцудæй сæрмагонд «тумбул стъол» дæр.

3

http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Борис ВАСИЛЬЕВ (1924-2013), финсæг: «Æз Уæрæсей исонибонбæл æуугæндун. Æруагæс ми кæнуй: ескæмæ уоди дуар бахуайдзæнæй æфсарæ, мæнæ мæн уоди дуар куд бахуаста, уотæ. Æруагæс ми кæнуй: ка райгъал æй, еци еугæйттæбæл бафтуйдзæнæй дæсгæйттæ, дæсгæйттæбæл ба – мингæйттæ,***



Нæ Фидибæстæн æ тæккæ уæззаудæр рæстæгути адæм еузæрдиуонæй исистунцæ знæгти нихмæ тохмæ. Къæрæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ИХÆСГИН АН ФИДИБÆСТÆБÆЛ ÆНОВУД ÆМА СИ СÆРУСТУР УНÆЙ!..

*Адæмон еудзийнади Бони хуæдфæсте Уæрæсей Президент Владимир Путин Кремли исаразта адæмихæттити ’хсæн медрахастдзийнæдти фæдбæл цæстдарæг Совети æмбурд. Æхсæнадæ æма адæмти еудзийнадæ, сæ хуæдбундор æгъдæуттæ æма фæткитæ – етæ ’нцæ Уæрæсей хуæдбарæдзийнади сæйраг рахуæцæнтæ. Фæсарæйнаг æдзæстуарзон тухтæ еудадзугдæр архайунцæ нæ бæсти адæмти фæккæрæдземæ кæнун, сæ еудзийнадæ син фехалунбæл. Уæрæсей Президент æ радзубандий растбæл банимадта, 2026 анз адæмон еудзийнади Анзбæл банимайуни фæндон.*

### НÆ ТУХÆ ÆЙ НÆ ЕУДЗИЙНАДИ!..

Æмбурди бæлвурдæй каст æрцудæй 2012-2025 æнзти нæ бæсти националон политики фæййахедгæдæр кæнуни туххæй нисангонд фарстатæ куд æнхæстгонд цудæнцæ, уомæ, уæдта 2036 анзи уæнгæ ма æнæмæнгæ ци мадзæлттæ гъæуама арæзт æрцæуа, уомæ.

Евгъуд æнзти хаст æрцудæнцæ дзæвгарæ организацион æма разамунддæттунадон унаффитæ. Еумæйагæй ист æрцудæй бустæгидæр нæуæг националон политикон системæ. Идарддæр дæр фулдæр æргом æздахун гъæуй адæми ’хсæн æма дини гъуддæгути рахастдзийнæдти бундорбæл ци буцæутæ исæвзуруй, уонæмæ.

Президент байхæс кодта, цæмæй цидæриддæр буцæуддзийнадæ исæвзура, уомæ цубур рæстæгмæ каст куд цæуа. Бундоронæй сæ уедагæбæл исафун гъæуй адæмти ’хсæн еудзийнадæн цæлхдортæ æвæрæг фæззиндтитæн:

– Ахъелгутæ сæхуæдтæ бадунцæ фæсарæнти, фал уордигæй унаффæ кæнунцæ, материалон æма финансон æгъдауæй ефтонг кæнунцæ сæ сæрмагонд службæгæнæг оргæнти, цæмæй ихалæн куст парахатдæр кæна, уой фæдбæл.

Фæсарæнти ахиддæр зиннун райдæдтонцæ нæуæг æма нæуæг аллихузон организацитæ, сæ архайдæн балæдæрæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн центртæ. Æцæгæй ба етæ ’нцæ тох кæнуни информацион тохæнгæрзтæ, кæцитæй пайдагонд цæуй Уæрæсей паддзахадæ хецæн хæйттæбæл ниддехтæ кæнунбæл, цæмæй нин нæхе территоритæ дæр мабал уа, цæмæй нин нигулæн бæститæй унаффæгонд цæуа, нæ цард нин куд æма ци хузи аразгæ æй, уомæн. Сæдæгай æнзти дæргъи уæхæн тухархæйдтитæй цитæ ба нæ фæккодтонцæ, фал син нæ бантæстæй Уæрæсе ниггæбазгай кæнун. Уæддæр сæ фудзундæй нæма æрæскъидтæнцæ, æма уæддæр сæ кæнон ба нæ уадзунцæ. Еци гъуддæгутæ махæй дæр æнæнимади гъæуама ма уонцæ. Нæ кусти сæйрагдæр нисан гъæуама уæхæн исуа, адзалхæсгутæн карз нихкъуæрд дæттуни æма син сæ фæндитæ фегуппæг кæнуни туххæй ахедгæ архайд аразун.

Æмбурди ма загъд æрцудæй уотæ дæр, æма не ’знæгтæн сæ тох айдагъ уруссаг адæми нихмæ арæзт нæй, фал нæ бæсти цидæриддæр адæмихæттитæ цæруй, уони нихмæ дæр. Æнæ еудзийнадæй Уæрæсейæн уæн дæр нæййес, уой гъæуама нæ зæрдæбæл дарæн, æма уой федарæй-федардæр кæнуни сæрбæлтау æмзундæмвæндæй архайæн.

* * *

*Нæ Фидибæсти цæрæг аллихузон адæмихæттити еудзийнади туххæй еудадзугдæр цæуй дзубанди. Æма е хумæтæги нæй – рæстзæрдæй сагъæсгъон алли адæймаг дæр лæдæруй уой, æма уомæй аразгæ ’й нæ абони цардарæзти федауцæ, уомæй ирæзуй нæ исонибони зæрдирай. Æма мæнæ хуæрзæрæги адæмон еудзийнади Бон ку бæрæг кодтан, уæд дзиллон хабархæссæг фæрæзнити фæззиндтæй уæлдай фулдæр æрмæгутæ. Зæгъæн, алликъуæреуон газет «Аргументы и факты» ниммухур кодта, дзиллон цæстингас æртасæг Еугуруæрæсеуон центри директор Валерий Федорови хæццæ дзубанди. Цума адæми ци еу кæнуй, уæдта сæ ци хецæн кæнуй? Еци фарстай фæдбæл Валерий Федоров ци гъудитæ загъта, уони хæццæ уæ мах дæр зонгæ кæнæн.*

### ТАСДЗИЙНАДÆ НÆ ЕУ КÆНУЙ

**– Куд уинæн, уотемæй адæми кæрæдзебæл æнгомдзийнадæй бæттуй тугъдон нихмæлæуддзийнади уавæртæ?**

– Фицагидæр мæ уой зæгъун фæндуй, æма социологтæ дзурд «адæм» нæ уарзунцæ, хуæздæр сæмæ кæсуй «æхсæнадæ». Дзурд «адæм», сæ гъудимæ гæсгæ амонуй цидæр социалон æмхузондзийнадæ: «еумæйаг адæм», «адæм домунцæ», «еугурæй дæр хумæтæг адæмæй рацæугæ ан».

Æхсæнадæ ба вазуггиндæр арæзт æй, фæйнæхузи гъудигæнгутæ си ес, нихмæ æрæвæрун ке ’нгъезуй, уæхæн фæлхæнтæ си ес. Уомæ гæсгæ ба дзурд «адæм» идеологтæ æма политиктæн уадзæн, мах ба æхсæнади туххæй æрдзубанди кæнæн.

Нури доги æхсæнадæ æ медæги хъæбæр дехтæгонд æй, куд царди уавæртæ, исонибон, уотæ равналæнтæмæ гæсгæ дæр. Е ба баст æй, евгъуд æноси 90-аг æнзти Советон есбойнадæ еугай цъумуркъохгин хæлæфгæнгутæ сæхе ку бакодтонцæ, уæд еци фæззиндтити хæццæ. Уæрæсей социалон уавæрти хецæндзийнадæ уойбæрцæбæл фегæр æй æма ин зæгъæнтæ дæр нæййес.

Уотемæй æхсæнадæ ци гъæуама æрбангом кæна кæрæдземæ? Айдагъдæр ести еумæйаг тæссагдзийнадæ. Нуртæккæ Уæрæсей адæмти уæлдай хъæбæрдæр еци уавæр еу кæнуй. Ами айдагъ сæрмагонд æфсæддон операций туххæй нæ цæуй дзубанди, фæсарæнти нæ адзалмæ бæллæг тухтæ Уæрæсебæл ке исфарс æнцæ, еугур хецæн æй цæмæй ракæнонцæ иннæ паддзахæдтæй, æ уæрагисæртæбæл æй цæмæй æрлæуун кæнонцæ, уобæл.

Фæсарæйнаг бæстихæйтти еци политикæ æвдадзи хуасау фæцæй нæ бæсти адæмихæттити ’хсæн патриотизми хелæдæрундзийнадæ бæрзонддæр æмвæзадæмæ исесунæн æма нæ Президенти фарсмæ æмхузонæй æрбамбурд унæн.

Уæрæсей цæргути фараст æма æртинсæй проценти сæхемæ есунцæ бæрнондзийнадæ сæ Райгурæн бæстæ знагæй багъæуай кæнунбæл гъуддæгути æма сæ къох есунцæ сæ цигъæуæгтæбæл, æ сæрбæлтау. Е дæр еудзийнади æвдесæн æй? Уогæ нæ бæсти цæргути цуппар æма инсæй проценти уæхæн хенивондмæ сæхе цæттæбæл нæ нимайунцæ. Тугъд тогæй æлхæд цæуй, уомæ гæсгæ ба æхсæнадæ ибæл уæлдайдæр уæлахези æгæрæй-æгæрдæр бæрзонд аргъ федуй.

Ахсгиаг æй, еци аргъ æмхузонæй фист куд цæуа, еци фæткæ. Уомæн нæхуæдтæ дæр æвдесæн ан. Нуртæккæ сæйрагдæр тохунцæ бархеуонтæ æма син федгæ дæр лæгъуз нæ кæнунцæ.

Промышленность дæр уомæ гæсгæ æ еугур тухтæй дæр æркуста, косгутæ есунцæ нивæбæл мизд. Дæсгай æнзти дæргъи æгустæй ци районтæ бадтæнцæ, етæ базмалдæнцæ, сæхемæ еугур æнæпайдайаг ка кастæй, æгустæй ка бадтæй, уонæмæ сæ нифси фарнæ байдзулдæй сæ куститæй, агъаз кæнунцæ нæ тугъдонтæн, сæхецæн исонибонмæ нисантæ æвæрунцæ.

Иннердигæй ба мулкгинтæ, æхцагинтæ сæхе адæми сæрти кæсæгбæл ка нимадта, уони муди къос ба, куд фæззæгъунцæ, никкалдæй.

Етæ ’нцæ олигархтæ, паддзахадон чиновниктæ, паддзахади есбойнадæй ка гъæздуг кæнуй, етæ – уонæн се ’нцойнæдзийнадæ æма хуæрзагадæ хъæбæр исеккаг æй. Уони бæлдæ ’й фæстæмæ Нигулæн бæстити хæццæ бастдзийнадæ исфедар кæнун цийфæндийæй дæр. Сæрмагонд æфсæддон операци, æвæдзи, кæронмæ фæххæстæгдæр кæнуй, фал ци уавæрти арæзт æрцæуддзæнæй сабурдзийнади бафинст. Уæдта си кæци ахсгиагдæр æй – тагъддæр басабур ун æви рæстдзийнадæ куд фæуууæлахез уа, уæхæн бадзурд?

**– Кæд адæмти еудзийнади кадæн нисангонд æрцудæй сæрмагонд бæрæгбон, уæддæр циуавæрдæр рæуагити – дини кенæ этнонацион – фудæй æрцæуæг дехдзийнæдтæ æрцæунæй ба артиссугъдæй тæрсæгау тæрсæн. Уомæн æма етæ НАТО-й æзгелæнтæй, æвæдзи, тæссагдæр æнцæ?**

– Советон Цæдес ку фехалдæй, уæддæр Уæрæсе байзадæй берæнационалон паддзахадæй. Уомæ гæсгæ ба махæн нæ еудзийнадæ ’й цардгъонгæнæг ахедгæдæр равгæ. Е нæмæ ку нæ уа, уæд Уæрæсе дæр нæбал уодзæнæй. Еци гъуддаг не ’знæгтæ дæр хуарз лæдæрунцæ æма аллихузон мадзæлттæй дæр архайунцæ мах кæрæдземæй рартасунбæл, ниддехтæ нæ кæнунбæл, æма нæ уотемæй бунисæфт бакæнунбæл.

Уой хæццæ ба уой зæгъуйнаг дæн, æма динон дехгонддзийнадæй, национ дехгонддзийнадæй игъаугидæр, тæссаг нин нæй. Не ’хсæнади еци къабази цæунцæ хе цæмæдесаг гъуддæгутæ, нæ еудзийнадæн нецæмæй тæссаг уогæй.

* * *

Уæрæсей цæргутæ нур фæстаг цалдæр анзей дæргъи адæм сæ гъос фулдæр дарун райдæдтонцæ исонибонмæ. Мах æй нæ центри уинæн мæнæ ауæхæнæй: Цитгин Уæрæсе. Цæрун æхцæуæн кæми уодзæнæй, уæхæн Уæрæсе. Нуриккон бæрзонд технологитæй ефтонггонд Уæрæсе. Социалон Уæрæсе æма Сæребарæ (демократон) Уæрæсе.

### АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..



**Уæрæсейæй уæ сæрустурдзийнадæ фæббæрзонддæр æй? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас æртасæг Еугуруæрæсеуон центри эксперттæ ци уæрæсейæгтæмæ равардтонцæ, уонæй алли дæсæймагæй дæр æхсæз загътонцæ, фæстаг рæстæги уæлдай фæббæрзонддæр æй сæ сæрустурдзийнадæ нæ Фидибæстæй. Уæлдай хъæбæрдæр ба сæ сæрустурдзийнадæ баст æй æ историй, культури, æрдзон гъæздугдзийнæдти хæццæ. Фидибæстæбæл æновуд æма си сæрустур унæн рæуагити нимæдзи ма амунд цудæнцæ нæ бæсти адæм, æ еудзийнадæ æма æнгомдзийнадæ. Амунд си цудæнцæ президент æма хецауадæ дæр, фал уой хæццæ ба, социологти хатдзæгтæмæ гæсгæ, фауни бæрæггæнæнти таги нерæнгæ ма изайуй цардиуаги хуæрзгъæдæдзийнади ниллæггомау уавæр – уомæй боз ка ’й, уони бæрцæ æрфарст адæмæй æй æдеугурæй 40 проценти, арази ба си нæ ’нцæ 48 проценти. Уогæ аци дууæ бæрæггæнæни, æвæдзи, уоййасæбæл раст нæ ’нцæ, уомæн æма сæ цардиуаги уавæртæй зæрдрохс ка нæй, уони бæрцæ зингæ-зингæ фулдæр уодзæнæй. Фал æй ку зонæн, социологтæ дæр хийнæйдзаг хатдзæгтæ кæнунмæ тулаваст æнцæ.**

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Шапошников Яков Федори фурти райгурдбæл 16 ноябри æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1905-1981). Цардæй станицæ Архонкаги, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг архайдта Дзæуæгигъæуи алфамбулай тугъдтити.**

***æма бонифæстагмæ балæдæрдзинан, Уæрæсе æ атомон бомбити фæрци намусгин ке нæй, фал æ адæми гъомусгин искурдиади, уодварни фæрци. Æма алкæддæри хузæн æмсæр-æмбарæй æрлæудзинан... Европи æма дуйней иннæ размæцуд паддзахæдти æмварс...»***



## ÆГЪДАУГИН ЛÆГ ÆГЪДАУИ СÆРТИ ТИФТИРИКЪУÆЙ НÆ РАХЕЗДЗÆНÆЙ!..



# ФУДДЗÆСГОН – ФИДБИЛИЗХÆССÆГ...

Æрæги Кирови районി тæрхондонæ 'ркастæй, дуккаг хатт бабæй ниуæзтгунæй æ хуæдтолгæй ка пайда кодта, еци нæлгоймагбæл арæзт уголовон гъуддагмæ.

Слестгæнгутæ æгъдауихалæги нихмæ уголовон гъуддаг исаразтонцæ Уæрæсей Федераций Уголовон кодекси 264.1-аг статьяй 1-аг хаййи («Хуæдтолги рульбæл ниуæзтгунæй бабадуни æма медицинон цæстдарди мадзалæй хе еуварс кæнун») бундорбæл.

Оперативон косгути бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нæлгоймаг раздæр дæр ма æфхуæрд æрцудæй уæхæн административон æгъдауихæлди тухxæй. Æма бабæй æй инспекторгæ нæуæгæй бауорæдтонцæ, хуæдтолгæбæл ниуæзтгунæй ку цудæй, уæд. Еугур еци æууæлтæмæ 'ркæсгæй, тæрхондони унаффæй æгъдауихалæгæн истæрхон кодтонцæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ кустити 160 сахатти. Уой хæццæ ба ма шоферæн æ бартæ ист æрцудæнцæ 1,5 анзей æмгъудмæ, тæккæ сæйрагдæр ба – æ хуæдтолгæ тæрхондони унаффæмæ гæсгæ ист æрцудæй паддзахади пайдайæн.

Ауæхæн тæрхони хабæрттæ ахид нæ игъосæн, кæд æма уæхæн æгъдауихалгутæ æгæр берæ дæр ма 'нцæ. Æма еци фуддзæсгонти бæлахæй цал æма цал фидбилизи 'рцæуй нæ нæдтæбæл, цал æма цал адæймаги си бастъалдæй, уой хæццæ ба ма сабийтæ дæр.

Уой фæдбæл берæ бæлвурд дæнцитæ фегъосун кодта нæ республики нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади Паддзахадон инспекций цæгатиристойнаг управлений разамонæг пъæлици болкъон Александр Шалагин, айразмæ ин дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми. Уæлдай фулдæр е 'ргом раздахта, ниуæзтгунæй транспорти фæрæзнитæй ка пайда кæнуй, уони еци гурумухъ миутæ цæйбæрцæбæл адзалхæссæг æнцæ, уомæ.

Æ радзубандий райдайæни Александр Шалагин ракой кодта, сæ управлени ихæстæ 'нхæст кæнунæй ихæсгин æй, уони фæдбæл архайди син ци бантæстæй æма æнæмæнгæ бундорондæрæй цæбæл бакосун гъæуй. Уобæл дзоргæй куд фегъосун кодта, утемæй аци анз Цæгат Иристони нæдтæбæл январæй сентябри уæнгæ 'рцудæй 525 фидбилизи, гъулæггагæн, фæммард си æй 55 адæймаги, 831 ба фæццæфтæ 'нцæ. Уонæн се 'ртиккаг хай æрцудæй, хуæдтолгитæ 'скъæргутæй кадæртæ сæхе надæй комкоммæ цæуæг фарсмæ ке рахизтæнцæ, уой фудæй. Уæхæн фидбилизтæ фулдæр æрцудæй Алагири æма Мæздæги районти.

Нæдтæбæл æрцæуæг фидбилизтæй алли æртиккаг дæр æрцудæй, шофертæ æгæр тагъд ке æскъæрунцæ сæ хуæдтолгитæ, уой тухxæй. Уой фудæй фæммард æй 18 адæймаги, 192 фæццæф æнцæ. Бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, цæйбæрцæ æнгъезуй, уомæй дзæвгарæ тагъддæр ахиддæр æскъæрунцæ Æрæдони æма Дигори районти нæдтæбæл.

Хуæдтолгæ ниуæзтгунæй æскъæруни хæццæ баст барадæихæлдтитæн кæрон искæнунæн æма си адæми багъæуай кæнунæн арæзт цæунцæ профилактикон мадзæлттæ. Уавæр хуæздæр нæ кæнуй, æрцудæй 24 фидбилизи, адæм си фæццæфтæ 'нцæ, гъулæггагæн, æрцудæй си мæрдтæ дæр. Фидбилизтæн сæ фулдæр хай æрцудæй Горæтгæрон районि нæдтæбæл.

Паддзахадон инспекций разамонæг ма сæрмагондæй æргом раздахта уомæ дæр, æма сувæллон-бæлццæнтти ласгæй, æнæмæнгæ ке гъæуй сæрмагонд къæлæтгин бадæнтæй пайда кæнун, уотæ ку нæ уа, уæд шофертæй бæрнондзийнадæ байагордзæнæнцæ.

– Адæймаги цардæн аргъ нæййес, е уи иронх ма уæд,– загъта Александр Шалагин.– Еугур хуæдтолгæ 'скъæргутæн дæр фæдзæхсæн уой, æма нæдтæбæл цæуни æгъдæуттæ лæмбунæг æнхæст кæнетæ. Нийæргутæ сæ цæуæтæн гъæуама дзоронцæ, нæдтæбæл цæуни æгъдæуттæ æнхæсткæнуйнаг ке 'нцæ, хестæрти ихæс ба 'й æдасдзийнадæн фадуæттæ аразун.

Сувæллæнттæ гъигæдард байяфтонцæ нæдтæбæл 108 фидбилиземи. Дæнцæнæн æрхаста уæхæн цау. Рахесфарси районi нийиергутæ се 'нагъон сувæллони хуæдтолги рульбæл бабадун кодтонцæ. Автоинспектор сæ ку бауорæдта, уæд фидæ æ рæдудбæл нæ басастæй, фал еци усхъæзæй тингун кодта, гъома, уоми ци ес дессагæй, зæгъгæ, биццеу æй, уадзæ æма ахур кæна.

Анзи райдайæнæй нæдтæбæл транспортон цаутæ æма бæлæхтæ ке фудæй æрцудæй, етæ нурæй фæстæмæ айдагъ иваргонд нæ цæудзæнæнцæ, фал ма сæ ивар афойнадæбæл къазнамæ ку нæ бахæссонцæ, уæд æнæ лицензийæй байзайдзæнæнцæ.

Пъæлици болкъон ма фегъосун кодта уой дæр, æма республикæмæ ке иссудæй, нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн фараст цæстдарæн системи. Етæ, хуæдтолгити цуд нæ бауорамгæй, уиндзæнæнцæ регистраци кæмæ нæййес, уони, барадæихалгутæ, фæсарæйнаг номерти хæццæ хуæдтолгитæ æма æндæртæ. Нуриуæнгæ бал косунцæ Дзæуæгигъæу æма республики районти нæдтæбæл.

Еума, нæ еугуремæн дæр сагъæссаг фарста – Дзæуæгигъæумæ цæуæг нæдтæбæл æгæр берæ ке æрæмбурд æй, абæлти фæсарæнтæмæ цæуæг транспорт. Фембæлди рæстæг куд загъд æрцудæй, утемæй сахарæн æ алфамбулайти дæр æма æ медæги гъæунгти дæр уæзласæн транзитон транспорти нимæдзæ зингæ минкъийдæр ке фæцæй, е дæр. Электрон кезуй системæ нæуæг хузи косун райдæдта, хуæдтолгутæ сæ кезумæ æнгъæлмæ кæсунцæ сæрмагонд устур æрлæууæнти.

– Еугæр фидбилиз æрцудæй, уæд махæн нæ ихæс æй фегъосун кæнун, ци цау æрцудæй, айдагъдæр уой тухxæй нæ, фал ма балæдæрун кæнун, цæмæн æрцудæй уой дæр, цæмæй идарддæр гъæуайгонд уæн уæхæн фидбилизтæй.

… Аци фембæлди тухxæй нæ радзубандий кæронбæттæни ба ма уин ракæнуйнаг ан еу рагон хабар. Цæветтонгæ, советон доги Валентинæ Филатовай æрсити зундгонд цирк еухатт гастролти адтæй немуцаг сахар Штутгарти. Æма æ фæсномуг Девочка кæмæн хундтæй, еци силæ арс мотоцикл хуарз ке тардта, уобæл хъæбæр бадес кæнгæй ин, уомæн раварддтонцæ шофери бартæ æцæг æвдесæндар. Дæс анзей фæсте бабæй цирк нæуæгæй рабалци кодта аци сахармæ. Администратор исфæндæ кодта рекламон акци исаразун, æма Девочки мотоциклбæл рауагъта сахари гъæунгти. Арс рацудæй цалдæр квартæли, еу хатт светофори рохсмæ 'рлæугæй. Фал æ балци бустæги нæ фæррæстмæ 'й – еу рауæн ниццавта администратори «Мерседес»-и фæстаг бампер, е дæр уомæн раудадæй æма «Фольксваген»-и шофер надбæл цæуни æгъдау ке фехалдта, уой фудæй.

Аци хабармæ гæсгæ уотæ куд нæ бадес кæнæн: гæрр, нæ абони фудзунд хуæдтолгæ скъæргутæмæ еци арси бæрцæ æгъдаудзийнадæ нæйиес? Æви е куд æй, æма сирд дæр ма ке лæдæруй, уой, адæймаг дæн æма зундгин дæн, зæгъгæ, ка æнгъæлуй, етæ ба нæ лæдæрунцæ? Æви сæ нæ фæндуй лæдæрун?

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

### ГЪЕНЦЪУН НИМÆДЗТÆ

**ЦАРÆФТУД КÆНУНЦÆ НÆ ЦАРДБÆЛЛОН КÆСТÆРТÆ**

**Цæгат Иристони медгъуддæгути министради пресс-службæ куд игъосун кæнуй, утемæй фæффулдæр æнцæ, æнагъонтæ дæр архайæг кæми иссæнцæ, уæхæн фæндаггон-транспортон фидбилизхæссæг цаутæ. Еци игъосункæнуйнаги куд амунд æй, утемæй аци анз хигъд ка 'рцудæй, еци 670 уæхæн цауеми фæммард æнцæ 63, фæццæфтæ 'нцæ 1017 адæймаги. Æхсæрдæс анзей уæнгæ кари æнагъонтæ си архайæг кæми иссæнцæ, еци цаути бæрцæ фæффулдæр æй 10,2 процենти (119 цауи), аллихузон цæфтæ си ка фæцæй, уони бæрцæ дæр фæффулдæр æй 11,9 процենти (141), цуппар ба си мард фæцæнцæ...**

**Цæй æма ке фудæй æрцæуна аци фидбилизтæ, хаттæй-хатт ба æверхъауæй, уобæл цийфæнди берæ ку дзорæн, уæддæр уомæй сæйрагдæр ба е æй, æма цæмæй хуæдтолгитæбæл рауайæ-бауайæгæнгутæ сæризундæй балæдæронцæ, сæ æбæрнондзийнади фудæй ке цæгъдуни кæнунцæ æвуд адæм, уой хæццæ ба нæ кæстæртæ, нæ исонибон.**

## АХСГИАГ ЦАУ

### ЕУГУР АДÆМТИ ТÆРХОН – РÆСТАДИ ÆНОСОН ТÆРХОН

Уоми Нюрнберги тæрхони хатдзæгтæ æма фæстеугути тухxæй докладтæ искодтонцæ аци æма æндæр ахургæнæндæнтти студенттæ.

Абони Уæрæсе æнхæст кæнуй æ ахсгиаг историон ихæсгонд сабурдзийнадæ æма æдасдзийнадæ, адæймаги бартæ багъæуай кæнуни фæдбæл ка ци адæмихаттæй æй кенæ динбæл хуæст æй, уомæ нæ кæсгæй. Уæ зæрдæбæл уин æрлæууун кæндзинан нæ бæсти разамонæг Владимири Путини загъд: «Уæрæсе араздзæнæй алци дæр, цæмæй Нюрнберги трибунали хатдзæгтæ иронхгонд ма цæуонцæ, цæмæй Дуккаг дуйнеуон тугъди трагеди макæдбал æрцæуа. Советон адæм рацудæй бæгъатæрти надбæл æма æ еудзийнади, æгæрон хъаурæ æма уодварни фæрци ниддæрæн кодта нацизм...»

Нюрнберги трибунал арæзт æрцудæй цуппар паддзахадæй – ССР Цæдеси, Америки Еугонд Штатти, Великобритани, Франций минæвæрттæй. Советон Цæдесæй сæйраг фудгингæнæгæй дзубанди кодта Украини ССР-и прокурор Роман Руденко. ССР Цæдесæй Трибунали иуонг адтæй Советон Цæдеси Сæйраг тæрхондони сæрдар Иона Никитченко.

Фашистти фудгингæнæг æрмæгутæ æмбурд кæнун райдæдтонцæ Германий капитуляцийæй берæ раздæр.

Нюрнберги тæрхон цудæй 316 боней дæргъи. Арæзт æрцудæй 403 игон æмбурди, 216 тæрхони игъосункæнуйнаги. Уонæми радзубанди кодтонцæ 240 æвдесæни, фегъосун си кодтонцæ 300000 финст æвдесæйнаги, етæ федаргонд æрцудæнцæ протоколи 16000 фарсебæл.

Фудгин кæнуни фæдбæл фиццаг хатт официалон документмæ бахастонцæ нæуæг термин ГЕНОЦИД, амонуй цийфæнди национ, этникон, рассон кенæ динон къуар æнæгъæнæй, кенæ кæцидæр хай фесафун. Трибунали размæ æрлæудтæй фашистон Германий уæлдæр разамунди цуппар æма инсæй туъдон фудгæнæги. Уогæ А. Гитлер, Г. Гиммлер æма Й. Геббельс ба не 'рлæудтæнцæ тæрхони размæ, уомæн æма Æртиккаг рейхи фæстаг бæнтти сæхе рамардтонцæ.

Нюрнберги тæрхони гъуддагæн иронхгæнæн неци хузи ес, уомæн æма бабæй нацизм ес-нæййесæй æ сæр хъел кæнун байдæдта. Дуккаг дуйнеуон тугъди хатдзæгти Советон Цæдес берæ амæттаг бæлæхтæ бавзаргæй, дуйне нацизми бæлæхтæй ке фæйлервæзун кодта, уоми Советон Цæдеси удуæлдай архайд фæнниллæгдæр, фæмминкъийдæр кæнунбæл ка архайуй, уони нимæдзæ фулдæрæй-фулдæр кæнуй.

Дуйне алкæддæр адтæй æма байзайдзæнæй берæполяронæй æма уоми сæйраг архайгутæ ка 'нцæ, етæ гъæуама лæдæронцæ сæ историон ихæс æма бæрнондзийнадæ. Нюрнберги тæрхон дуйней адæмти бауæндун кодта, сабур цæрæг адæми нихмæ террор æма æверхъаудзийнадтæ аразгутæ æнæ 'фхуæрдæй ке некæд байзайдзæнæнцæ, уобæл.

***ХÆБÆЛАТИ Фатимæ,***
***Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети журналистики факультети декан.***

**Хъæбæр зæрдрист гъуддаг имист цæудзæнæй 16 ноябри – нæдтæбæл æрцæуæг фидбилизти амæттæгти номæрæн Еугурдуйнеуон бон.**

*ГÆДИАТИ Секъа (1855-1915), финсæг: «Мæнгæ загъд нæ уодзæнæй, ирон адæммæ соцъадзийнадæ ку нæ уидæ, уæд фондзинсæй хатти хуæздæр цæрионцæ. Фиццаг дзамани æрвадæ æрвади фонсмæ соцъа кæнгæй е 'рвади марун кодта, æма и æ бунтæ байуариуонцæ... Æнсувæр æнсувæри нæ уарзуй, фурт фиди коммæ нæ кæсуй, уосæ æ лæги дзурдæн аргъ нæ кæнуй...*

ДÆХЕНИМÆРИ ДЗУБАНДИТÆН ДÆХУÆДÆГ ДÆ ТÆРХОНГÆНÆГ, ÆРГОМÆЙ КЕ ДЗОРАЙ, УОМÆН БА – АДÆМ



ГУГКАТИ Чермени конд хузæ «Таурæхъ»

# «РÆСТМÆ ЦАРД КУД АРАЗГÆ 'Й, КУД ÆРТАСГÆ 'Й ФÆНДАГ?..»



**ГОСТИТИ Хъазбег** (1927-2012),
историон наукити кандидат, æхсæнадон архайæг.

***Цæмæй нæ уодтæ мæгур ма кæнонцæ, цæмæй зæрдæй гъæздуг æма курухон уæн, уой туххæй мах кæдзос уæлдæфи хузæн гъæуй национ културæ æма дуйнеуон култури хæзнатæмæ æргом æздахун æма си нæхе хуарзæн пайда кæнун. Размæцуд дуйней уодварни æма нæ адæми фарни хуæздæрæй ци ес, уони зæрдæмæ райсгæй, дзиллæ иссердзæнæй рæствæндаггæнæг цæуæнтæ æ зæрдæмæдзæугæдæр исонибонмæ.***

***Æ зæгъуйнæгтæ Гостити Хъазбег финсгæ ба никкодта, уæди рæстæги мæскуйаг ахургонд Н.М. Емельяновайæн нæ бæсти сæйраг сахари рауагъдæнттæй еуеми ци киунугæ «Мусульмане Осетии на перекрестке цивилизаций» рацудæй, уой фæдбæл. Æ дзубанди нæй еумæйагæй киунуги туххæй. Фал си уайдзæф кæнуй, не 'мзæнхон рохситауæг Кокити Саввæ нæ адæми уодиконд æма цардарæзти фæдбæл кæддæр (газет «Терские ведомости»-й 20-аг номери) ци уац ниммухур кодта, уомæй Н.М. Емельянова, Гостий-фурти гъудимæ гæсгæ, куд хевастæй испайда кодта, уой фæдбæл: киунугæ ниффинсæг раст нæ балæдæрдтæй Кокий-фурти зæгъуйнæгтæ, ниггалеутæ сæ кодта, æхе зундирахастмæ гæсгæ си испайда кодта, æма уотемæй æфхуæруй нæ адæми уодиконд, сæ медастæу рахастдзийнæдтæ, иннæй адæмти цæсти нæ æфтауй æведауцæй.***

## ЦÆСТИТÆБÆЛ ЦИ РАУАЙУЙ, Е АЛКÆД ÆЦÆГДЗИЙНАДÆ НÆ ФÆУУЙ...

Цæмæй уи мæ аци загъд байруагæс уа, уой туххæй Кокити Савви загъд æрхæсдзæнæн æнæгъæнæй: «Если осетины в обыкновенное время относятся друг к другу недружелюбно (а этот грешок, к сожалению, за ними водится), то этого нельзя сказать про них в то время, когда кого-нибудь из них постигает какое-нибудь несчастье или горе, вроде болезни, пожара, смерти и т.д., а в особенности последней…»

Аци, сæдæ анземæй фулдæрей размæ финст зæгъуйнæгти фиццаг дууæ рæнгъи Н.М. Емельянова, не 'мдогон угæй, нимайуй абони дæр ма æцæгдзийнадæбæл. Е нæ, фал ма сæмæ бафтудта æхе хатдзæг дæр: «Человек, знающий «изнутри» жизнь осетинского общества мог себе позволить сказать: «… осетины в обыкновенное время относятся друг к другу недружелюбно…»

Æ фудæнхæдзийнадæ аци къæсибадæг дзурдти медæгæ 'й. Муди къæмæ бахауни хузæн, киунугæ æнæгъæнæй сугъзæрийнæ ку феста, уæддæр æй автори аци загъд æнадæ кæнуй. Æма айдагъ киунугæ нæ!

Уомæ гæсгæ ба рæстдзийнади сæрбæлтау мах гъæуама дзуапп раттæн сæйраг фарстайæн: кæми æй æ ратæдзæн, нæ адæм кæрæдзей нæ уарзунцæ, зæгъгæ, еци ходуйнаггæнæг рæдуд гъудийæн? Æви уæхæн федиссаг игаки хæццæ гъæуама цæрæн æностæмæ?

Фарстайæн цубуртæгонд дзуапп раттæн нæййес, уомæ гæсгæ ба мæ дзубанди, æвæдзи, радаргъгомау уодзæнæй, æма 'й райдайуйнаг ба дæн сæйрагдæр фарстатæй еуемæй.

Адæми зæрдихатт æма рæстдзийнадæ нимайгæй, басæттун гъæуй, æцæгæйдæр, нæ адæмæй еуæй-еуетæ 'нцæ хæранзæрдæ æма соцъагæнагæ. Уæхæнттæ адтæй недзаманти дæр æма абони дæр ес. Фал еци менеугутæй хайгин æнцæ дуйней иннæ адæмтæ дæр, уони хæццæ Цæгат Кавкази адæмтæ дæр. Сæдæ анзей размæ ниффедар æй еци лæгъуз æгъдау: адæмæй еуцалдæр фæрræдудæй, сæхе æдзæсгонæй равдистонцæ, уæд нæбæзги ном еугур адæмбæл дæр исæвæрæ. Уотæ бакодта Емельянова дæр: еуæй-еу фудзæрдити æма соцъагæнгутæмæ гæсгæ æнæгъæнæ адæми рахудта нæбæзгитæ. Æ цæститæбæл ци рауадæй, уой бæлвурдæй исбæрæг кæнунбæл æхецæн нæ базин кæнгæй, нимайуй æй æцæгдзийнадæбæл.

Уæхæн усхъуммæ хатдзæгтæ фидбилиз хæссунцæ. Уонæй райдайуй Кавкази берæ адæмти бæлæхтæ. Æма айдагъ Кавкази нæ! Абони дуйней ци тугъдтитæ æма тераккттæ 'рцæуй, æндæр аллихузон фидбилизтæ, уонæми фæммард унцæ, фудракæндитæ исаразгутæ нæ, фал сабур цæрæг адæм. Æвуд, гъезæмарæгæнæг адæм æнцæ тæрегъæди аккаг, æма син гъæуама уа тæрегъæдгæнæг æма агъазгæнæг.

## СОЦЪАГÆНÆГ МÆГУР ÆЙ: НЕКЕ УАРЗУЙ, ÆНАДÆ КÆНУЙ ÆХЕ ЦАРД ДÆР

Куд зæгъæн ес нæ адæмæй, кæрæдзей нæ уарзунцæ, кенæ еске нæ уарзунцæ, зæгъгæ, кæд æма нæ фулдæремæн æма нæ хуæздæртæн æнæуинон æнцæ соцъа æма хæрандзийнадæ, уæд?!. Кæд æма нæ адæм нуриуæнгæ дæр нæ ниххатир кодтонцæ æма нæ феронх кодтонцæ, репрессити рæстæг адæми хуæздæрти ка фесафта, еци соцъагæнгути, уæд? Æвуд, рæстзæрдæ фæллойнæгæнгути фулдæр хай уæди фуддзамани исæфт æрцудæнцæ уодæй мæгур, хæранзæрдæ, цъуххæсгути фудæй.

Æргом æма хæларзæрдæ ку нæ адтæйуонцæ нæ адæм, уæд æнгом æма уарзонæй нæ цæрианæ Иристони берæ æндæр адæмти хæццæ, нæ агъаз кæнианæ кæрæдземæн дæр æма æндæр адæмтæн дæр.

Нæ æма ма никкидæр нæ: хæранзæрдæ, хæрандзийнадæ, сау соцъа, хенвæрсондзийнадæ нæ адæми менеуæг нæ 'нцæ!

Соцъа фæккæнунцæ æнæнтæст, адæми рæнгъи ка нæ рацудæй, уæхæнттæ. Соцъа æй, еске амонд, еске хуарз дин зин ку уа. Е æй уоди ниллæгдзийнадæ æма фæстеизад æууæл.

Мæгур æй соцъагæнæг, е неке уарзуй, æ зæрдæ 'й æхгæд, е 'цæг цæсгон некæд равдесуй, адæмæй уинуй æ уодхæссæг, кæрæдзебæл сæ ардауй; абони хæлар æй еуей хæццæ, исон – инней хæццæ, иннæбон – сæ дууей фудкойтæ кæнуй. Соцъагæнгути цъухæй фæххилæ унцæ хуарз синхæгтæ, кæрæдземæн æнæуинон фестунцæ уарзон биййнонтæ, соцъагæнæги тухxæй æрцæуй лæгмæрдтæ дæр. Соцъа æма хæран ка 'й, е зелуй хинттæгæнгутæбæл, дæснитæбæл, уомæн æма соцъа кæмæ кæнуй, уони цард фехалун фæууй æ бæлдæ.

Фал саусоцъа фиццагидæр зиан кæнуй соцъазæрдæн æхецæн, хæлаур æ амæттаги тог куд бацъируй, уотæ ин бахускъæ кæнуй æ зæрдæ, исæнадæ ин кæнуй æ цард. Уæхæнттæн æз тæрегъæд нæ кæнун, е нæ, фал ма фæззæгъун: уотæ син гъæуй!.. Æма уой римæхсгæ нæ кæнун. Уæдта уомæй еунæг нæ дæн, уотæ ка гъуди кæнуй, уæхæнттæ берæ 'нцæ.

Соцъагæнагæ адæймаг æнамонд æй, е еске æнтæстдзийнæдтæбæл некæд бацийнæ кæндзæнæй, еске амонд, еске хуарздзийнадæ фæууингæй, æ цæсти фиутæ тайгæ кæнунцæ. Æхцæуæн ин фæууй еске зинддзийнадæ. Хицæгæнагæ, хæранзæрдæ адæймаг хъæбæр уарзуй, æхецæй уæлдæр ка 'й, уонæбæл фаутæ æвæрун, сæ фудкой кæнун, цъифтæ сæбæл калун. Е некæд уодзæнæй амондгун, уомæн æма кæддæриддæр разиндзæнæй, уомæй хуæздæр, бæрзонддæр, æнхæстдæр, зундгиндæр, ахургонддæр ка 'й, уæхæнттæ. Гормон, хицæ кæнуни бæсти, бафæнзæд, æхецæй уæлдæр ка 'й, растауни аккаг ка 'й, уони, æма уæд æ уодæн хуæздæр уодзæнæй.

Замана е æй, æма соцъагæнæг адæймаг, хæранзæрдæ уогæй, иннети дæр размæ нæ уадзуй, искурдиадæгин фæсевæдæн цæлхдортæ æвæруй, нæ сæ уадзуй сæ сæртæ исхъел кæнун, сæ базуртæ сæ фæндон райтинг кæнун, сæ искурдиади гæнæнтæ райхалун, сæ над син æхгæнуй.

Искурдиади ирæзтæн цæлхдор айдагъ соцъагæнгутæ нæ 'нцæ. Раст зæгъун гъæуй, искурдиадæгин адæймаг, æнæрцæф æй, зæгъгæ, кæмæй фæззæгъунцæ, еске рæдуд фæууингæй, æргомæй ка исдзоруй, е фулдæр хæттити байзайуй ауони, еуварс ибæл рахуæцунцæ. Хецæуттæ уæхæнтти нæ фæууарзунцæ. Фал уой хæццæ, козбау адæймаг уавæртæмæ гæсгæ ка архайуй, гъæугæ лæгтæ нæма æрæхснирсунцæ, уотемæй син «цæргæ!..» зæгъунмæ фæттагъд уй, уæхæн алкæддæр разиннуй, хецæуттæ ин аргъ кæнунцæ æма алли хуæрзеугутæй дæр хайгин фæууй.

## РÆСТЗÆРДÆЙ СÆРУСТУР АДÆЙМАГ ЗОНУЙ, ЦИ ÆЙ ЦÆСГОН, НАМУС...

Саусоцъай фудæй нæ номдзуд ахургæндтæ, дуйней нимад лæгтæ Абайти Васо æма Цæголти Николайæн цæлхдортæ æвæрд цудæй. Сæ кандидатуритæ цалдæр хатти хаст адтæнцæ Советон Цæдеси Наукити Академий æцæг иуонгти ном райсунмæ. Фал бабæй – фагæ гъæлæстæ не 'рæмбурд кæниуонцæ, уомæн æма адтæнцæ нифсгун, сæрустур, рæстбæлдзорæг, адтæй сæмæ устур искурдиадæ æма зунд. Уогæ син æнæ академики номæй дæр устур аргъ æма кадæ адтæй нæ бæсти æма дуйней раззагдæр гуманитарон ахургæндти 'хсæн, нимадтонцæ сæ алæмæти ахургæндтæбæл, еу загъдæй, рæстзæрдæ дзилли 'хсæн нимад цудæнцæ æма нерæнгæ дæр ма цæунцæ нимад æцæг академиктæбæл.

Соцъадзийнади фудæй не 'хсæнади медæгæ, берæ уа æви минкъий, уæддæр исæфунцæ уодварни хæзнадзийнæдтæ, лæмæгъдæр кæнунцæ хæлардзийнади æма зæрдиаг рахастдзийнæдти уедæгтæ.

Еци «игакæ» изолмæ зиннуй

## УОДИБÆСТИ ЕС-БЕСÆЙ ФÆХХАЙГИН УН ЗИН ÆЙ, Æ ФЕСАФУНÆН БА БЕРÆ НÆ ГЪÆУЙ!..

æма нæ æгадæ кæнуй æндæр адæмти цæсти, кæд æцæгæй ба кæрæдзей уарзæн, уæддæр. Уомæн æма, ци гæнæг дæ, уомæ неке кæсуй, ци кой ди райгъусдзæнæй, е хъаурæгиндæр разиннуй.

Сæрустурдзийнадæ. Аци менеуæг хуарз æй, фал бабæй бæрцæй фулдæр ку уа, уæд е ба 'й хенвæрсондзийнадæ. Хенвæрсонæн уайдзæф кæнун гъæуй, æхе иннетæй уæлдæр ку æвæра, кадæмондаг ку уа, адæми ку нæ уарза, уæд.

Еугур бæлæхти дæр хенвæрсондзийнадæ фудгин фæууй кæмидæрти. Хенвæрсон хицæ фæккæнуй æхецæй зундгиндæрмæ, искурдиадæгиндæрмæ, е алкæд æхе размæ гæлдзуй, уарзуй æхе æстаун, козбаудзийнадæ, цитæ, нæ уарзуй уайдзæфтæ, унаффитæ, æ гъæндзийнадтæ римæхсун, цийфæнди амалæй дæр архайуй хуæрзеугутæмæ, цинтæ, ордентæ, майдантæ, ахурадон къæпхæнтæбæл фæхху-æст унбæл.

Æндæр æй æцæг рæстмæ сæрустурдзийнадæ. Рæстзæрдæй сæрустур адæймаг зонуй, ци æй цæсгон, намус, зонуй æхецæн аргъ кæнун, æма аци менеугути фæрци æй сæребарæ, тундзуй никки хуæздæр унмæ.

Нæ адæмæн сæ фулдæр рæстмæ сæрустур ке 'нцæ, уомæ гæсгæ нин ес уæхæн алæмæти æхсаргин героикон истори, уомæн æвдистан сæдæгай æнзти дæргъи адæймаги хуæздæр менеугутæ: бæгъатæрдзийнадæ, зæрдхæлардзийнадæ, уарзондзийнадæ. Кæддæриддæр цæттæ адтæнцæ æма 'нцæ багъæуаги фæййагъаз кæнунмæ, алкæмидæр, алцæмæйдæр зудтонцæ бæрцæ. Махæн ес, сæрустур кæмæй æма цæмæй уæн, е. Æма е хъæбæр ахсгиаг æй. Фал уой хæццæ никки ахсгиагдæр æй, абони ци ан æма исон ци уодзинан, е. Нæ еугур гъудитæ æма гъуддæгутæ дæр гъæуама исонибонмæ арæзт уонцæ.

Гъулæггагæн, уæхæн бæрзонд сæрустурдзийнадæй ни еуæй-еуетæ 'нцæ æнæ хай, сæрустурдзийнадæ феронх кодтонцæ æма иссæнцæ хенвæрсон. Уомæ гæсгæ мæ фæндуй зæгъун мæ гъудитæ еци нез (хенвæрсондзийнадæ) нæ абони царди æхе ци хузи æвдесуй, æма нин нæ цардиуагæ куд æвеудауцæ кæнуй, уой фæдбæл.

Фæстаг рæстæг, куд не 'нгъезуй, уотæ истухгин æй юбилейтæ кæнуни модæ. Чиновниктæ, исфæлдистадон кенæ наукон интеллигенций минæвæрттæ устур кувдтитæ искæнунцæ сæ юбилейти фæдбæл. Еуæй-еуетæ ба еци «вазуггин цау» исбæрæг кæнунцæ Цæгати дæр æма Хонсари дæр, кувди фæббадунцæ цалдæргай бæнттæ, фæууй си, ке зæгъун æй гъæуй, лæвæрттæ, æхца, номхигъдтæ. Юбилейтæ рацæуунцæ еци-еу хузи: хуæрдæ, ниуæзтæ еу бонæй иннемæ, æстауæн дзубандитæ, арфитæн нæбал фæууй кæрон, юбиляри Хуцауи æмбæрцæ бæрзæндæмæ исесунцæ.

Адæймаг деси бафтуйуй, куд нæ исгъигæ уй юбиляр еци æгæрон æстауæн докладтæй, адрестæй, телеграммитæй, сауæнгæ ма 'й рахонунцæ адæми цæсгон, адæми намус дæр. Уотæ мæмæ фæккæсуй, цума «культи» дзаманмæ раздахтан.

Раст зæгъгæй, æцæг устур æма рæстзæрдæ лæгæн, цийкæнун – е æй нæ ихæс. Уæхæн фæдзæхст нин ниууагътонцæ нæ фидтæлтæ.

### ЕЗДОНДЗИЙНАДÆ ÆМА ХЕБÆЛХУÆЦУНДЗИЙНАДÆН ÆМБАЛ НÆЙЙЕС...

Уотæ маке бангъæлæд, æма æз юбилейти æма сæ бæрæг кæнуни нихмæ дæн. Юбилейтæ аллихузи 'нцæ. Фæнзуйнагæн æрхæсдзинан нæ зундгонд



**Аци хузæ искæнæг Иринæ ЦВЕТКОВА уотæ финсуй: «Соцъа сæмæ ке ес, уобæл беретæ сæтгæ дæр нæ кæнунцæ. Уомæ гæсгæ ба зæгъун æнгъезуй, æма соцъайæн нæййес нæдæр гъæлæсиуагæ, нæдæр цæсгон…» Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.**

фæнди бунат ку ахæсса, уæддæр æ зæрдæ цийнæдзийнадæ нæ агурдта, æ адæмбæл фудæбон ку 'ркæнидæ, уæд. Уотæ адтæй дуйней берæ адæмтæмæ, уони хæццæ мах адæммæ дæр. Е адтæй æцæгæй кадæ æма намуси æвдесæн. Уæхæн гъæуама уонцæ, æ адæм хъазар кæмæн æнцæ, етæ еугурæй дæр. Уæхæн æй нæ адæми æцæг зундирахаст. Федауцæ нæй еунæг юбилярæн дæр, хе уоди номбæл устур кувдтитæ кæнун. Хуæздæр уайдæ, юбиляр еци равгæй æ адæми хуарздзийнадæн ку испайда кæнидæ, уæд. Адæми фарсмæ ун, сæ цийнæбæл зæрдиагæй бацийнæ кæнун, сæ зæрдристбæл син бахъонц кæнун, сæ хуарз удигъæдæ раргом кæнунæн фадуæттæ аразун, хумæтæг адæймагæн аргъ æмзæнхон, зингæ экономист Цæголти Николайи сæдæ анзей юбилейи фæдбæл арæзт мадзæлттæ. Æ кадæн мухурæй рацудæй киунугæ, исистонцæ кинонивæ. Мæскуй паддзахадон университети арæзт æрцудæй наукон конференци. Бæрæгбони мадзæлтти архайгутæн адтæй номдзуд адæймаги æримисуни фадуат, æ наукон фæллæнттæмæ абони цæстæй æркæсуни гæнæнтæ. Конференцимæ æрæмбурд æнцæ Цæголи-фурти ахуркæнуйнæгтæ раздæри Цæдеси алли рауæнтæй – зингæ экономисттæ æма разамонæг косгутæ. Æма конференцийæй рауадæй гъуддаги дзубанди нуриккон Уæрæсей экономикон фарстати фæдбæл.

Уотæ рацудæнцæ Цæголти Николайи раздæри юбилейтæ дæр, удæгас ма ку адтæй æма си æхуæдæг ку архайдта, уæддæр. Ке зæгъун æй гъæуй, адтæй си фингæ дæр, арфитæ, игъæлдзæгдзийнадæ – ирон фæндури цагъд æма ирон кафт дæр.

Ауæхæн хабæрттæмæ гæсгæ ма адæймаг куд нæ расагъæс кæна: мадта ци зæгъæн ес, моди фæдбæл ка рацудæй æма имисуйнæгти рæуонæй сæхе æма сæ хæстæгути, сæ уарзон адæймæгути туххæй æстауæн киунугутæ ка мухур кæнуй, еци «мемуаристтæй» ба? Уайдзæф син кæнæн æви арфæ? Сæ рæнгъитæмæ, гъулæггагæн, бахаудтæнцæ зæрдæргъæвд æма æскъуæлхт адæймæгутæ дæр, раздæр хенвæрсондзийнади незæй сæйгæ ка нæ адтæй, æма, модæ ку нæ адтайдæ, уæд сæ хъаурæ пайдайаг гъуддагæн ка равардтайдæ, уæхæнттæ. Етæ удигъæдæй лæмæгъ разиндтæнцæ, æвæдзи, æма сæ рæстæги фæливд миуæ æ фæдбæл расайдта. Хуарз уайдæ, сæхецæн аккагдæр гъудаг ку иссериуонцæ, уæд. Уомæй рамолиуонцæ сæхуæдтæ дæр æма рамолидæ не 'хсæнадæ æнæгъæнæй дæр. Нæ еуемæй дæр гъæуама ирони ма уа: æцæг ездон адæймаг æхе некæд фестауй. Ездондзийнадæ æмæ хебæлхуæстдзийнадæн æмбал нæййес.

Мадта уæд ци зæгъæн ес, æнай-æнойти ка æрбагъæздуг æй, нæ еци бонгинтæй ба? Адæм мæгурæй-мæгурдæр кæнунцæ, етæ ба боцъзæрдæй бавналдтонцæ бæрзонд хæдзæрттæ æма галауантæ арæзунмæ, сæ фурхъалæй калунцæ æхца, æнæфсæрмæй æвдесунцæ сæ ес, сæ бон, хумæтæг, хе фæллойнæй цæрæг адæймагбæл, косæг лæгбæл билæскъелтæ кæнунцæ, адæми гъезæмарæй сæ зæрдæ нæ ресуй, фал ибæл цума, сауæнгæ цийнæ дæр кæнунцæ, уотемæй. Уони гъæздугдзийнадæмæ, æдзæсгон хъалдзийнади туххæй хæлеу кæнуй адæми 'хсæн хæран, соцъадзийнадæ. Гъо, фал сæмæ ци ес хиццагæй? Сæ гъæздугдзийнади туххæй етæ нивондæн æрхастонцæ сæхе æма сæ бийнонти, сæ хеуæнтти удæнцойдзийнадæ, цæсгондзийнадæ, æнæнездзийнадæ, кадæ æма лæги ном.

Нæ гъæздугутæ кæд айдагъ мулкæй нæ 'нцæ бонгин, фал ма сæмæ кæд уоди гъæздугдзийнадæй дæр цидæртæ ес, уæд гъæуама сæхе исахур кæнонцæ ездондæр унбæл, бæрцæ зонунбæл. Гъæуама адæми уарзонцæ æма нуртæккæ си цубуркъох ка 'й, уонæн фулдæр агъаз кæнонцæ.

Нæ абони гъæздугутæй ба ма кадæртæ сæ зæрдæбæл гъæуама даронцæ уой дæр, æма кутемæйти рабонгинтæ 'нцæ – кæддæри æмæнтъери рæстæгути еугурадæмон есбойнадæ сæ къохти ке адтæй æма ибæл æдзæсгонæй ке фæххæлæф кодтонцæ, уой фæрци. Уомæ гæсгæ ба гъæуама æфсæрми кæнонцæ, æма арфиаг уонцæ, уотемæй ке есбон байстонцæ, ке фæрци исгъæздуг æнцæ, еци мæгур адæмæй, æма син агъаз кæнæнтæ. Е æй сæ фиццаг ихæс. Уотæ ку нæ уа, уæд гъæздугутæ æма иннæ дзиллæ кæрæдземæн бонæйбонмæ æнæуинондæр кæндзæнæнцæ æма ниддехтæ уодзинан.

Нуриуæнгæ дæр еуæй-еу гъæздугути æнæуагæдзийнадæ берети зæрдити æвзурун кæнуй сау соцъа, фудæнхæ, дамдумтæ, фудзæрдæдзийнадæ. Гъо, фал, етæ 'нцæ нæ адæмæн айдагъдæр сæ минкъий хай. Н.М. Емельянова куд æнгъæл æй, уотæ нæй, æма 'й зонæд.

### ЦÆМÆЙ НÆ УОДТÆ МÆГУР МА КÆНОНЦÆ, ЦÆМÆЙ ЗÆРДÆЙ ГЪÆЗДУГ ÆМА КУРУХОН УÆН...

Бæргæ хуарз уидæ, алкедæр ни лæмбунæг ку æркæсидæ, абони ци æхсæнади медæгæ цæрæн, уой искондмæ, æхемæ, æма рæстзæрдæй ку балæдæридæ, сабур, хæлар, фæрнуг царди сæрбæлтау мах нæ еугур дæр – гъæздугæй, мæгурæй – гъæуама хенвæрсондзийнадæй фæййервæзæн æма æвæллайгæй косæн уоди хуарздзийнадæбæл, нæ зундирахастбæл.

Цæмæй нæ уодтæ мæгур ма кæнонцæ, цæмæй зæрдæй гъæздуг æма курухон уæн, уой туххæй мах кæдзос уæлдæфи хузæн гъæуй национ культурæ æма дуйнеуон культури хæзнатæмæ æргом æздахун æма си нæхе хуарзæн пайда кæнун. Размæцуд дуйней уодварни æма нæ адæми фарни хуæздæрæй ци ес, уони зæрдæмæ райсгæй, дзиллæ иссердзæнæй рæствæндаггæнæг цæуæнтæ æ зæрдæмæдзæугæдæр исонибонмæ.

### РЕДАКЦИОН ФÆСДЗУРД

Гостити Хъазбеги зæгъуйнæгтæмæ гæсгæ зæрдæбæл æрбалæууй Цæгат Иристони адæмон поэт Бабочити Руслани æмдзæвгитæй еу, кæцими уотæ фæрсуй:

*Рæстмæ цард куд аразгæ 'й,*
*Куд æртасгæ 'й фæндаг?*
*Кæд, миййаг, хе тæразæ,*
*Хе барeдзæ 'й сæйраг?..*

Фарстатæ бæргæ раст æнцæ, фал ни, цума, алке исарæхсдзæнæй хе тæразæ æма хе барeдзæй раст рабарунмæ? Рæстудæй дзуапп раттунмæ поэти иннæ фарстатæн:

*Цæмæй баргæ 'й и Берæ,*
*Цæмæй баргæ 'й Минкъий?*
*Рæстæмбес куд иссерон,*
*Астæуханхæ кæми 'й?..*

Уотæ æнгъæл ан, æма аци фарстатæн æргомзæрдæй дзуапп раттунгъон ка исуа, гъе дин æцæг амондгун æма зæрдæй гъæздуг адæймаг.

**Дмитрий ЛИХАЧЕВ (1906-1999), академик, Социалистон фæллойни Бæгъатæр: «Хецæн адæймаги меддуйнейæн, менеугутæн ци барæнтæмæ гæсгæ аргъ кæнæн, уæхæнттæмæ гæсгæ гъæуама аргъ кæнæн алли бæстæн, адæмæн, нацийæн дæр. Ци менеугути фæрци нимайæн адæймаги? Æ зунди, æ гъомбæлади, е 'фсарми фæрци, адæми хæццæ цæрун зонуй, агрессивон æй æви нæ, хестæрæн æгъдау дæттуй, сабийтæбæл,**



Мадæ цийнæ дæр кæнуй æ сабийбæл, уæддæр æ сагъæс дæр æй, адæми 'хсæн цитгинæй ин куд байрæза, уобæл. Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

# «ДÆ НОМ ЦИТГИНГÆНÆГ – ДÆХУÆДÆГ!..»



**ДАУРАТИ Дамир,**
Цæгат Иристони адæмон финсæг

***Мæ хестæртæй еу уотæ загъта: «Ном æвæруни æгъдау нæ фидтæлтæмæ хъæбæр цитгинбæл нимад адтæй. Æма нæуæгигурд сабийæн зæрдæмæдзæугæдæр ном равзариунцæ, цæмæй си е, рабайлæгъ уогæй, уотид сæнттадæ кодтайдæ, уомæ гæсгæ нæ. Сæ бæлдæ уидæ, кæдимайди ба е æ цардиуаги гъуддæгутæй аккаг уа еци номи цитгиндзийнади аккаг…»***

Нур еу-инсæй анзей бæрцæ æз мæ гъос дарун, нæ Иристони адæм сæ нæуæгигурд сувæллæнттæбæл циуавæр нæмттæ æвæрунцæ, уомæ – нурикон фæткитæ фæнзгæй, æви нæ фидтæлтиккон æгъдаумæ гæсгæ. Раст зæгъгæй, мæ зæрдæ нæ рохс кæнуй, уомæн æма нæмæ фулдæрæй-фулдæр кæнунцæ æндæр адæмти нæмттæ. Цæмæй уæ уобæл бауæндун кæнон, уой фæдбæл дæнцитæ агорæг ба мæ идæрдтæбæл зелун нæ багъудæй. Мæ райгурæн гъæу Хумæллæги скъолай райстон ахурдзаути еумæйаг номхигъд. Банимадтон си 201 биццеуи, уонæй ирон нæмттæ хæссунцæ айдагъдæр 113-æй. Цуппæрдæс си 'нцæ Хетæгтæ æма Геуæргитæ, дууадæс – Сæрмæттæ, æхсæз – Батраздтæ, æмбесæй минкъийдæр æнцæ Давидтæ æма Азаматтæ. Æркастæн, кизгуттæй ба си кæмæн циуавæр нæмттæ ес, уомæ дæр. Зæгъæн, еу фиццаг къласи, баруагæс уи уæд, æцæг ирон ном си еуебæл дæр нæййес: Ангелинæ, Эмилия, Адинæ æма уотæ идарддæр.

Мæ зæрдæ дзурдта, берæ сувæллæнттæ ци хæдзари ес, уонæмæ ба циуавæр æй сæ номæвæрунади æгъдау, циуавæр æй сæ сæйрагдæр домæн нæуæгигурдæн ном æвзаргæй. Еуцæйбæрцæдæр рæстæг уæхæн бийнонти фæррайагорæ-байагорæ кодтон, кедæрти мин байамудтонцæ, уой дæр нæ зæронд æцæг ирон гъæутæй дууеми. Хъæбæр зæрдиагæй мæ бафæндадтæй уони бабæрæг кæнун, æнæзийнадæй фæннæхстæр дæн мæ балций…

Æма ци фегъустон-базудтон, уой фæдбæл мæ мæ дзубанди райдайун фæндуй, Дæллаг Берæгъзæнги цæрæг Билаонти Микъалай кизгæ Рио-Ритæ мин ци хабæрттæ ракодта, уонæй.

## ДОЛОРЕС, РИО-РИТÆ, РОБЕРТ, ФРАНКЛИН, ЧАТУРАНГА…

Гъæуи сæйраг гъæунги астæумæ хæстæг тургъи дуар бахуастон æма мæмæ ракастæй хæдзари æфсийнæ Рио-Ритæ, бацийнæ мæбæл кодта. Ирон хæдзари æнæнгъæлти æрбацæуæг иуазæгæн цидæриддæр гъæуй, уæхæн æгъдæуттæбæл нæ байаурста, сæйрагдæр ба – раст зæмзæми рæсог дони хузæн мин æ радзубандитæй мæ цæмæдесдзийнади æдонугдзийнадæ фæццидæр æй…

– Уæхæн нæмттæ нæ еугурæмæн дæр равардта нæ фидæ Микъала, æма мах уомæй сæрустур ан. Мæнæ нæ адæми нæ уарзуй кенæ ци цæбæлдæр не 'нвæрсуй, нæхердигон нæмттæ имæ уоййасæбæл цæстиварди нæ адтæнцæ, зæгъгæ, еске ку зæгъа нæ фидæй, уæд е æгиридæр раст нæ уодзæнæй. Æз ма 'й кæцæй гъуди кæнун, фал, куд игъосгæ 'рцудтæн, уотемæй нæ фиди фидæ, дан, хъæбæр ахургонд лæг адтæй, Чернышевскийи наизусть зудта, мæ фидæ дæр æнахур уарзтæй уарзта аййевадон литературæ. Уæлдай æхцулдæр адтæй фæсарæйнаг финсгути киунугутæбæл, уонæми фæлгонцгонд адæймæгутæн сæ менеугутæ, æвæдзи, æ зæрдæмæ фулдæр цудæнцæ, фæндадтæй æй æхе цæуæт дæр уæхæнттæ ку адтайуонцæ, е. Уæди æнзти нæ алливарс ци нæхердигон адæм цардæй, уонæй кадæртæ уайдзæфи хузи, ахид гъазæн хузи бауайдзæф кæниунцæ: ду сæбæл дæхуæдæг ном уомæн исæвæрис, цæмæй син кувд ма искæнай, къиндидзийнадæ æвдесис уомæй, де 'ртæ къеребæл ауæрдис. Уотæ, лæдæрун æй, гъазгæ-ходгæй зæгъиуонцæ, уомæн æма гъæубæсти еугурæй дæр хъæбæр зудтонцæ, нæ фидæ æма нæ мадæ цæйбæрцæбæл иуазæгуарзон адтæнцæ, уой. Зундгонд адтæй е дæр, æма сæ цæуæтæй алке игурæн бон дæр парахаттæй исбæрæг кæниуонцæ: хеуæнтти, лимæнти æма синхæнтти æрбахонианæ, зæрдиагæй сæ фæхххинцианæ.

Æз ма 'й хуарз гъуди кæнун: нæ æнахур нæмтти равзурди туххæй дзубанди æнæмæнгæ рауайидæ æма мæ фидæ уæд уæлдай сæрустур уидæ, уæхæн нæмттæ нин ке адтæй, уомæй. Ранимайидæ сæ: Долорес – уæхæн ном адтæй Франций силгоймаг-президентæн. Чатуранги ку райсæн, уæд уотæ хундтæй индийаг шахмæттæй гъазт æргъудигæнæг.

Роберт ба немуцаг ном æй. Тугъд мах æрæййафтан Киристонгъæуи æма махæн уоми нæ сæрдигон хæдзари æрфусун кодтонцæ æртæ немуцаг афицери. Етæ махмæ хъæбæр дзæбæх цæстæй кастæнцæ, хай нин кодтонцæ сæ хуæруйнæгтæй, мæ мадæн дзориунцæ, мах тохун нæ фæндуй, зæгъгæ, бахатир нин кæнетæ. Бомбитæ æгъзæлун ку райдайиуонцæ, кенæ ба дзармадзани нæмгутæ ку хаудтæнцæ, уæд нæ сæ гъæбеси фелвасиуонцæ æма нæ уæрмæгондмæ баскъæфиуонцæ. Сæ еу Роберт хундтæй, хъæбæр ездон адтæй, æма еци бæнттæй еуеми мæ мадæн цуппæрæймаг сувæллон ку райгурдæй, уæд ибæл нæ фидæ еци немуцаг лæхъуæни ном исæвардта…

Уотæ иннетæбæл дæр, алли номи дæр нæ фидæн цидæр бæлвурд нисанеуæг адтæй.

Мæхе номи туххæй ба уотæ… Рио-Ритæ, зæгъгæ, адтæй немуцаг силгоймаг, танго уой хузæн дæсни зæнхи цъарæбæл неке кафта, неке æй рамулдтайдæ. Æвæдзи, мæ фиди хъæбæр фæндадтæй, цæмæй мæнæй дæр уæхæн искурдиадæгин кизгæ рауадайдæ. Уогæ ба нæ фидæ дæр æма нæ мадæ дæр аййевадæ берæ уарзтонцæ, уонæй мæнмæ дæр цидæр бахъæрттæй, Долоресмæ дæр, Чатурангæмæ дæр. Бурони ма ку цардан, уæд алли сæрдигон изæр дæр нæ урух тургъи минкъий концерт уидæ, нæ синхбæстæ еугурæй дæр уордæмæ æмбурд уиуонцæ. Дууадæс метри дæргъæн тургъæнин адтæй, æма уоми пианинойæй фæстæмæ ци нæ музыкалон инструмент ба нæ адтæй, уæхæн нæ гъуди кæнун. Мæ фидæ уарзта уони æмбурд кæнун, нæ хæдзари гъæдин фæрстæбæл сæ рæсугъд æрауиндзидæ…

Берæ ма фæдздзубанди кодтан, уæдта æз Рио-Ритæмæ равардтон мæ фæстаг фарста:

– Уæ æнахур нæмттæ уин аци царди ести гъуддаги агъаз адтæнцæ, кенæ ба уæ ескæми бахъор кодтонцæ?

– Зæгъæн, мæнæн мæ хæццæ еске зонгæ ку кæнидæ, æма ин мæ ном ку зæгъинæ, уæд баходидæ, бадес уидæ: «Мæнæ дин ци рæсугъд ном ес, историон ном!.. Æз æй мæхуæдæг дæр æрæстæфинæ, еци адæймаги зæрдихатт куд æрфæлмæн уидæ, уой. Нæ нæмттæй нæхуæдтæ дæр уоййасæбæл сæрустур адтан, æма нæ адæми 'хсæн разæнгард дæр ма кодтонцæ, алкедæр ни архайдта æ еци номи аккаг унбæл, æ цитгиндзийнадæ ин ма фæнниллæгдæр кæнунбæл, еци нæмттæ махæн айдагъдæр агъаз адтæнцæ размæ цæунмæ.

– Дамир, бахатир кæнæ, дæ ном дин ахид игъосун, фал, гъулæггагæн, кæци гъæуккаг дæ, уой ба нæ зонун…

Хумæллæггаг дæн, уой ин ку загътон, уæд хъæбæр бацийнæ кодта æма æримиста:

– Кæцидæр анз уæ гъæуи концерт лæвардтан, кафтан, æма æ амонæг, уе скъолай ахургæнæг, фæндурдзæгъдæг Пухати Петя сценæй мæнмæ райамудта æма зали бадæг адæмæн уотæ ку зæгъидæ, нуртæккæ, дан, уин аци рæсугъд силгоймаг разардзæнæй, зæгъгæ. Е мæнæн æнæнгъæлæги хабар адтæй, фал ма мин ци гæнæн адтæй æма уотæ бакодтон, зæгъун, кæд уæ аци устур зали еске фæрсаг кæнун зонуй, уæд мæнæ сценæмæ исхезæд. Уайтæкки мæ уæлгъос æртемæй æрбалæудтæнцæ. Æма уæд æз Акими зар ракодтон, уæдта ма Тотрази зар дæр. Устур къохæмдзæгъд мин исараztонцæ Хумæллæги адæм!.. Уæд мæнæн мæ царди зæрдæхцæуæндæр сахæттæй еу адтæй. Райарфæ син кодтон, уæдта ма син æз уе 'стур гъæуккаг Кæсæбити Митябæл ахур кодтон зарун, зæгъгæ, дæр загътон Митя, Митя… Е дæр мин æностæмæ феронхгæнæн кæмæн нæййес, уæхæн ном!.. Уæхæн устур æма кадгин лæгти нæмттæ æвæрун гъæуй нæ нæуæгигурдтæбæл…

* * *

Рио-Ритæ нин ци хабæрттæ ракодта, уонæмæ гæсгæ мæ зæрдæбæл ма æрбалæудтæй, кæддæр ке фегъустон æма ахид ке æримисун, еци загъд: «Ном æвæруни æгъдау нæ фидтæлтæмæ хъæбæр цитгинбæл нимад адтæй. Æма нæуæгигурд сабийæн зæрдæмæдзæугæдæр ном равзариунцæ, цæмæй си е, рабайлæгъ уогæй, уотид сæнттадæ кодтайдæ, уомæ гæсгæ нæ. Сæ бæлдæ уидæ, кæдимайди ба е æ цардиуаги гъуддæгутæй аккаг уа еци номи цитгиндзийнади аккаг…»

Билаонти Микъала æма Раисæ дæр сæ цæуæтæн, æвæдзи, уой зæрдтæй равзариуонцæ уæхæн игъустгонд нæмттæ. Æма сæ еци монцти нæ фæффудевгед æнцæ. Сæ кæстæртæ разиндтæнцæ аьæгъуæгин, ка си ци дæснийадæ равзурста, уоми фескъулæхтæнцæ зингæ æнтæстдзийнæдтæй.

Долорес – нæ национ аййевади номдзуд архайæг, Цæгат Иристони, Хонсар Иристони, Уæрæсей адæмон артисткæ, нæ фидибæстон музыкалон аййевади ирдæйирддæр æстъалу. Рио-Ритæ – зартæгæнæг, æхсæнадон архайæг, Роберт – инженер, Рио-Рангæ – педагог, Франклин – технолог, Чатуранга – оперон зартæгæнæг, Элеонорæ – оперон зартæгæнæг, æхсæнадон архайæг, Билаонти Долореси номбæл фонди президент. Кæд си кадæртæ абони, гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æнцæ, уæддæр сæ ирисхъи федауцæдзийнадæй ба нерæнгæ дæр ма сæ рохс нæмттæ цæрæццаг æнцæ нæ дзилли зæрдити…

Аци цубур ранимадæй дæр бæрæг æй, Билаонти Микъала æма Раиси цæуæт сæ игъустгонд, фал махæн æнахур нæмтти цитгийнади аккаг цæйбæрцæ иссæнцæ, е.

Уоййадæбæл фæуууйнаг дæн, раздæри дзаманти дæр æма нури рæстæгути нæ Иристони нæуæгигурд сабийтæбæл циуавæр нæмттæ æвæрунцæ, уой фæдбæл мæ радзубандий фиццаг хай. Фæстæдæр ба уин ракæнуйнаг дæн берæсувæллонгин бийнонти 'хсæн сæ нæуæгигурдтæбæл ном æвæруни хабæртти кой.

*Уодзæнæй ма*

**Редакцийæй.** Нæ газети аци номермæ æрмæг ку бацæттæ кодтан, уотемæй нæбæл исæмбалдæй æхцæуæн хабар: Билаонти Долореси ном лæвæрд æрцудæй æ райгурæн поселок Бурони культури Хæдзарæн. Зæрдиагæй арфæ кæнæн, аци æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг исаразунбæл ка байархайдта, уонæн. Уомæй айдагъ Долореси нæ исцитгин кодтонцæ, фал ма уомæй бавдистонцæ уой дæр, æма ни гъæуама иронх ма уонцæ нæ адæми сæрустурдзийнадæ ка 'й, уони рохс нæмттæ.

**Адæймаги фудахур æзвæдтæй еу æй тамаку дымун. Хумæтæги нисангонд не 'рцудæй уобæл бахъоди кæнуни æхсæндуйнеуон бон – бæрæггонд фæццæуй 20 ноябри.**

федæни фæлтæртæбæл ауодуй, хæларзæрдæ ’й æви нæ – аци менеугутæ нин фадуат раттунцæ адæймагæн аргъ искæнунæн… Мадта бæсти номдзуддзийнадæмæ æфтауæнгæнæн ес ахедгæ авторитетон университеттæ, сæйгæдæнттæ, хуарз скъолатæ аразгæй, наукæ, музыкæ, хузæкæнуйнадæ гъæздугдæр кæнгæй, адæм цæмæй кустуарзагæ, хуæрзæгъдау уонцæ, уобæл архайгæй…»




Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.


**ДЗАБОЛАТЫ Хазби,**
(1931-1969),
поэт

# НОМÆВÆРÆГ

## (АРГЪАУ)

Кæд, кæм уыди – нæу бæрæг, –
Иу лæгæн фырт райгуырд,
Æмæ рабалц кодта лæг
Номæвæрæг агур.

Уыд æнæкæрон йæ цин,
Сæр бæрзæндты хаста…
Мæнæ иу хъæдбын фæци
Уастырджи йæ размæ.

Загъта лæг: «Дæ фæндаг раст!»
– «Хорзæй цæр, мæ фæндиаг!
Аипп ма фæуæд мæ фарст:
Чердæм у дæ фæндаг?»

– «Райгуырд иунæг фырт мæнæн, –
Загъта лæг йæ фарстæн, –
Æмæ номæвæрæгæн
Агурын æз раст лæг».

– «Раст лæг? Ей, уæдæ, хуыцау
Ауды дæ удыл, –
Уастырджийæ растдæр, ау,
Кæд æмæ кæм уыди?

Мауал саф дæ рæстæг, цом, –
Кæд нæ дæ æрра лæг,
У мæнæн æвæргæ ном,
У дæ фырт мæ хъанаг!»

– «Ау, куыд рахонон дæу раст,
Кæд фыдгæнæг хъалтæ
Ам, дæ куывддоны цур раст
Сæргæвстой мæ галтæ?!

Æмæ абон дæр цæрынц,
Худынц мыл фæсауон,
Барухс сын кæныс ды рындз,
Стауыс сæ хуыцауæн…

Нæ, дæу раст ысхонæн нæй», –
Загъта лæг æмæ та
Дарддæр адардта фæрнæй
Иунæгæй йæ фæндаг.

Бон… дыууæ… цыди уæддæр,
Уыд йæ сагъæс йе ’мбал,
Уалынмæ та йыл кæмдæр
Фосфæлвæра фембæлд.

– «Байриай!» – радта йын салам.
Уый дæр: – «Хорзæй бацæр!
Хатыр бакæн, фæлæ, дам, –
Циу йæ сæр дæ балцæн?»

– «Райгуырд иунæг фырт мæнæн, –
Загъта лæг йæ фарстæн, –
Æмæ номæвæрæгæн
Агурын æз раст лæг».

– «Раст лæг? О, уæдæ дæ балц
Ацы ран фæхицæн,
Дарддæр агурын ныууадз, –
Растдæр нæй мæхицæй.

Кувынц дзыллæтæ мæнæн,
Мæн фæмысынц хорзæй, –
Æз сæ удыл хæцæг дæн,
Бафсадын сæ фосæй»…

Дзырд нæма фæци æххæст,
Афтæ лæг фæцыди:
«Уаид тынг хорз, фæлæ æз
Не ’ууæндын дæ дзырдыл, –

Феххуыс мæгуыртæн кæм хъуыд,
Уым сын ды цы ’рхастай? –
Иунæг далыс ма мæм уыд,
Уый дæр зæй фæласта.

Дæу дæр раст ысхонæн нæй», –
Загъта лæг æма та
Дарддæр адардта фæрнæй
Иунæгæй йæ фæндаг.

Ацыд дзæгъæлы йæ бон,
Нæй та раст лæг ам дæр…
Стæй та иу хъæуы кæрон
Удхæссæгыл амбæлд.

– «Цавæр бæстæй дæ цæуæг, –
Бафарста – кæм уыдтæ?»
Æмæ уымæн дæр та лæг
Радзырдта йæ хъуыддаг…

– «Уæдæ дæу Хуыцау фæрнæй
Раст фæдыл æрхаста:
Ацы дунейыл мæнæй
Не ’ссардзынæ растдæр».

– «Ау, куыдæй хъуамæ уай ды, –
Лæг ын загъта, – раст та,
Сидзæр сабиты фыды
Кæд тæккæ знон айстай?

Кæд сæ фарсмæ та цæрынц
Хъæздгуытæ фæрныгæй,
Æмæ худгæй мæлынц
Сабитæн сæ хъыгыл?»

– «Æз хуыцауы дæлбар дæн, –
Нæу рæстмæ дæ хъуыды, –

Уый кæмæй зæгъы мæнæн,
Æз фæхæссын уыдон».

– Нæ, дæуæн æфсон нæу уый, –
Загъта лæг, – æлхæдæй
Чи кусы мæнгардæн, уый
У мæнгард йæхæдæг!»

– «Хъус-ма, хорз лæг, зон дæ ран!
Ды мæ фыдæх ма дом,
Кæд дæ фырт ысуа мæ хъан,
Конд у уæд уæ амонд.

Науæд радзурдзынæн æз
Ацы цау хуыцауæн,
Æмæ исдзæн уый йæ хæс, –
Уый нæ уарзы фауын!»

– «Исын æз мæлæт рæстæй,
Сис ныр дæр дæ хъама,
Демæ æз уæддæр хæстæг
Ма бакæнон хъуамæ! –

Загъта лæг, – дæ хъаст хæсгæ»…
Арасти æдæрсгæ,
Æмæ баззади кæсгæ
Удхæссæг йæ фæстæ…

Лæг та иунæгæй цæуы,
Стæй кæсы ’мæ уæртæ
Иу ран фæндагыл лæууы
Ифтыгъдæй бæхуæрдон.

Ноджы уæрдоны уæлхъус –
Цавæрдæр бызгъуыртæ.
Дзурынц иу лæг æмæ ус, –
Стыхстысты цæуылдæр.

Къаннæг сабитæ лæууынц
Фæндаджы был дарддæр,
Æмæ иууылдæр кæсынц
Уæрдонмæ æнкъардæй.

– Адон базонон хæстæг, –
Лæг сæм бауад цырддæр, –
– «Уæнт уæ хъуыддæгтæ рæстмæ! –
Загъта – циу уæ дзырддаг?»

– «Адон дурзæрдæ æлдар
Расырдта нæ комæй, –
Сидзæр сабитæ – цыппар,
Стæй рынчын сылгоймаг.

У сæ дарддæр фæндаг зын, –
Загъта лæг, – уый зонын
Æмæ сын уæрдон дæттын,
Фæлæ йæ нæ комы».

– «Цæй куыд æй райсон æз дæр, –
Загъта ус, – фæрсын дæ,
Кæд дæхимæ дæр æндæр
Ницы ис æппындæр?»

– «Æз лæг дæн æмæ уæддæр
Истытæ кæндзынæн, –
Иунæг дæн æмæ мæ сæр
Исчердæм хæсдзынæн».

Бæлццон дæр сæм джихæй каст,
Бирæ сæм фæхъуыста,
Стæй уæд загъта: – «Раст дæ, раст,
Хорз лæг, у æхxуысхъом!..»

Æмæ сын йæ хабар уым
Райдыдта уæд дзурын…
– «Мæнæ, – загъта, – ныр уынын
Раст адæм мæ цуры,

Æмæ бакæнут хатыр, –
Бафтыдта йæ дзырдыл, –
Фæлæ цомут, хорз лæг, ныр
Сæвæр ном мæ фыртыл...


**ДЗАГУРТИ Данæ,**
(1976-2024),
поэт

# РАГОН НÆМТТÆ

Зæри базур уацæ рохсæй
Гъесфæндурæй цæгъдæгау,
Мæ зæрди мин æрæфтудта
Евгъудади сонт егъау…
Фæлгæсунцæ нæ догæмæ
Сæ тафсийнæ æрветгæй,
Рагон нæмттæ, рагон бæнттæ,
Кæцитими асхъодæй
Нæ нанатæ, рагмадтæлтæ,
Сæ ном иронх кæмæн нæ ’й…
Нæ Фаритæ, Абидæттæ,
Зурмæхантæ, Монкитæ,
Лескатæ ’ма Гуаритæ,
Хæдизæдтæ, Олкитæ,
Меретхантæ, Дигорхантæ,
Косерхантæ, Госкитæ,
Госæматæ, Елинкитæ,
Хулимæттæ, Цонкитæ…
Кæми ма ес уæхæн нæмттæ,
Рæстæг сæбæл ратулдæй…
Се ’фсарæ дæр хетгæ носæй
Бонуордæгмæ бацудæй…

# НÆХЕ ЦÆРÆНБОН

Суле, Созур, Агубекир,
Мисирби ’ма Еналдухъ
Царди астæу, хори бунмæ –
Амондгун æма улдугъ!
Сæ гъосинти инод гъæрæй
Буни дзæгъ-дзæгъ нæ цæуй,
Сæнæфтойтæ, сæндæг сæртæ,
Бони цъæх сæбæл кæуй…
Фал, нуртæккæ ци дзæбæх æй!
Ка – гæлери, ка – уомæл,
Сæ бабадт æ тæккæ тъузи,
Сæ уонай нæ æй дзæгъæл…
Исесунцæ цъæхнæрингæ
Еци хъуртæ æвæллад!
Идæрдтæбæл ма нерæнгæ
Ци Сесаннæ, ци Бæркад…

## НÆУÆГ ДОГÆ – НÆУÆГ ÆГЪДÆУТТÆ

# «РЕВОЛЮЦИОН НÆМТТÆ»




Советон хецаудзийнадæ ку фæуууæлахез æй, уæд ЗАГС-и косгутæн фæдзæхст адтæй, цæмæй адæм сæ нæуæгигурдтæбæл æвæронцæ, æцæг революцион нæмттæ:

Арлен – армия Ленина.
Веор – Великая Октябрьская революция.
Видлен – великие идеи Ленина.
Гертруда – Герой труда.
Дележ – дело Ленина живет.
Изиль – исполняй заветы Ильича.
Ильком – Ильич, коммуна.
Кид – коммунистический идеал.
Ласт – латышский стрелок.
Ленар (а) – ленинская армия.
Лениз – ленинские заветы.
Ленст – Ленин, Сталин.
Марлен – Маркс, Ленин.
Мыслис – мысли Ленина и Сталина.
Полес – помни Ленина, Сталина.
Порес – помни решения съезда.
Правлен – правда Ленина.
Рэм, Ремир – революция мировая.
Сталена – Сталин, Ленин.
Фэд – Феликс Эдмундович Дзержинский.
Эрлен – эра Ленина.
Яслен – я с Лениным.

Студентти Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 17 ноябри. Уой фæсте, 18 ноябри ба – Метин Дадай игурæн Бон.

*Ура! Она меня простила за то, что не была права.*

* * *

*У нас в семье главнее папа, а мама так – для красоты.*

*Гроссмейстер, сделав мат в три хода, услышал мат в три этажа.*

* * *

*Коль брошу пить, куда я дену двенадцать банок огурцов?*

## ЦÆГАТ ИРИСТОНИ СПОРТИВОН ЦАРДИ ЦАУТÆ ÆМА ХАБÆРТТÆ




БЕРДИТИ Солтани номерæн турнир исаразгутæ æма кадгин иуазгутæ

# «АУÆХÆН ТУРНИР ÆЙ НÆ КÆСТÆРТИ РÆСТМÆ РАЗÆНГАРДГÆНÆГ МАДЗАЛ!..»

Дигорай спортивон-æнæнезгæнæн комплекс «Алькор»-и 8 ноябри уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй 11-аг хатт рацудæй Бердити Солтани номерæн турнир æригон (2013-2014 æнзти игурд) богæлтти 'хсæн.

Бердити Петри фурт Солтан æ уæлзæнхон царди искодта берæ хуарздзийнæдтæ æ табуйаг фидиуæзæгæн, æ уарзон гъæубæстæн, æмзæнхон дзиллæн.

Дигори райони сæргълæууæг уогæй, зæрдиагæй архайдта райони гъæути æма сахар Дигорай гъæунгтæ хуæрзаййев кæнунбæл. Уомæй уæлдай, Солтан зæрдиагæй архайдта кæстæр фæлтæрти культурон æма спортивон гъомбæладæ ахедгæдæр кæнунæн гъæугæ уавæртæ исаразунбæл дæр. Æ цардвæндаг, гъулæггагæн, æгæр цубуртæгонд рауадæй, фал ин уæддæр æнтæсгæ ба æгæрон берæ бакодта арфиаг гъуддæгутæ аразунæй. Дзиллæ си хумæтæги нæ фæззæгъунцæ: ку ма ин фæцайдæ равгæ рацæрунæн, уæд ма цæйбæрцæбæл баскъуæлхтайдæ æ еци лæгдзийнадæй.

Уомæ гæсгæ ма ин абони дæр адæм имисунцæ æ рохс ном, цитгин æй кæнунцæ. Уомæн æвдесæн æй е дæр, æма Солтани рохс ном иссерунæн нур цуппæрдæс анзей дæргъи алли анз дæр арæзт æрцæуй кæстæр кари гъæбесæйхуæцгути 'хсæн турнир.

Аци турнир иссæй гъæугæ гъуддаг кæстæр кари спортсменти дæснидзийнади ирæзт ахедгæдæр кæнунæн.

Цæмæй турнир анзæй-анзмæ уиндгундæр кæна, уобæл зæрдиагæй фæккустонцæ Бердити Солтани фурттæ Вадим æма Витали, æ кизгæ Лорæ сæ агъазгæнгути хæццæ. Абони еци еристæ хаст æрцудæнцæ паддзахадон программæ «Уæрæсей спорт»-и фæлгæтмæ.

Æригон богæлтти турнир игонгæнгæй син зæрдиаг арфитæ ракодтонцæ: Цæгат Иристони Сæргълæууæги агъазгæнæг **Хъуссати Мæирбег**, Дигори райони сæргълæууæг **Цагъати Сослан**, Цæгат Иристони физикон културæ æма спорти министр **Фрайти Сослан** æма Цæгат Иристони депутат **Бердити Кермен**.

Турнир игон кæнуни мадзал сæ аййевадæй барæсугъд кодтонцæ: Иристони адæмон артист **Тайсаути Олег**, кафгути ансамбль «Арфæ» æма æригон искурдиадæгин зартæгæнæг **Темирати Давид**.

Еристи ци æхсæрдæс æригон богали архайдтонцæ, етæ уæлахездзаути бæрæг кодтонцæ 14 уæземи. Алли уæзи дæр адтæй цалдæргай исуйнаг гъæбесæйхуæцæги, æма сæ архайдмæ кæсун хаста зæрдæхцæуæндзийнадæ.

Тæккæ рæуæгдæр уæзи (25 кг уæнгæ) дæсни рахуæстæй æма фиццаг бунат рамулдта Мæздæги райони минæвар астанздзуд биццеу Магомед Закароев.

27 кг уæнгæ уæзи дæр фæууæлахез æй мæздæггаг дæсанздзуд биццеу Зелим Алашев. 29 кг уæнгæ уæзи дигорайаг еуæндæсанздзуд богал Хъалабегти Вадим равдиста хуарз цæттæдзийнадæ æма байахæста фиццаг бунат. 32 кг уæнгæ уæзи æ нихмæлæугутæй сæ еугуребæл дæр фæууæлахез æй никкидæр ма еума мæздæггаг æригон богал дууадæсанздзуд Исмаил Казиев. Мæздæггаг богæлтти сæ еугурей дæр бацæттæ кодтонцæ тренертæ Д. Очеретлов æма Ю. Исмаилов.

Республикон спортивон скъолай гъомбæлкæнуйнаг Дзиццойти Георги фиццаг бунат рамулдта 35 кг уæнгæ уæзи.

Андиати Сослани номбæл спортивон скъолай гъомбæлкæнуйнæгтæ Годизти Ацæмæз (38 кг) æма Дзæгъиати Аслан (31 кг) равдистонцæ хуарз цæттæдзийнадæ æма байахæстонцæ фиццаг бунæттæ. Уотæ рауадæй мæздæггаг биццеу Рамазан Казиеви архайд дæр. Е уæлахездзау иссæй 44 кг уæнгæ уæзи.

48 кг уæнгæ уæзи фиццаг бунат рамулдта Беслæни спортивон скъолай гъомбæлкæнуйнаг Гæрити Марат.

Никки цæмæдесагдæр рауадæнцæ кæронбæттæни еристæ 52, 57, 62, 68 æма 75 кг уæнгæ уæзти.

52 кг уæнгæ уæзи рæсугъд рауадæй Хъарати Аспар (Æрæдон) æма Дзоцъити Æхсари (Дигора) фембæлд. Сæ цæмæдесаг фембæлд рахецæн æй 12:5 хигъдæй Хъарати Аспари пайдайæн.

57 æма 62 кг уæнгæ уæзти кæронбæттæни фиццаг бунæттæ рамулдтонцæ спортивон скъолай гъомбæлкæнуйнæгтæ – 57 кг уæнгæ уæзи Цæрæхати Сæрмæт æма Елойти Давиди фембæлд рахецæн æй Сæрмæти пайдайæн, 62 кг уæнгæ уæзи Гутъиати Тимур æма Тедети Хетæги фембæлди фæууæлахез æй Тимур.

68 кг уæнгæ уæзи фиццаг бунат рамолунбæл фембалдæнцæ Мæргъити Вадим (Кирови район) æма Сихъоти Хетæг (Æрæдон). Сæ цæмæдесаг тох рахецæн æй Мæргъий-фурти пайдайæн.

Аци кари еугур уæззаудæр уæзи (75 кг уæнгæ) фиццаг бунат байахæссунбæл ериси бацудæнцæ Хъæлицти Алан (Дигори район) æма Дзукъати Арсен (Кирови район). Сæ фембæлди фæууæлахез æй Хъæлицти Алан.

Уæлахездзаутæ æма призон бунæттæ байахæсгутæ хуарзæнхгингонд æрцудæнцæ майдантæ, дипломтæ æма æхцай лæвæрттæй. Сæрмагонд лæвæрттæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ Хъалабегти Вадим – «Хуæздæр техникон цæттæдзийнадæ», Зелим Алашев – «Уæлахезмæ турнундзийнадæ», Хъæлицти Алан – «Спортуарзгути лæвар», Магомед Закароев – «Тæккæ æригондæр богал».

Еристæ аразгутæ, сæ сæргъи Бердити Вадим, уотемæй сæрмагонд æхцай лæварæй исхуарзæнхгин кодта сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, еци æфсæддон Руслан Расщепкини дууæ биццеуи Сослан æма Азæмæти.

Турнири рацудæн устур аргъ ка искодта, уонæй еу адтæй Цæгат Иристони Сæргълæууæги агъазгæнæг Хъуссати Мæирбег. Æ загъд адтæй:

– Ауæхæн турнир æй устур æма ахедгæ лæвар нæ ирæзгæ фæсевæдæн, рæстмæ сæ разæнгардгæнæг мадзал. Бердити биййонтæ аци кари æригон богæлттæн ци уавæртæ аразунцæ, е æй фæнзуйнаг хуарздзийнадæ. Кæстæртæ, уæхæн цæстдард уингæй, кæнунцæ нифсгундæр æма тундзунцæ сæхебæл бундоронæй косунмæ. Æхцæуæн æй, Бердити Солтани рохс ном уæхæн рæсугъд æма гъæугæ еристæй ке ерунцæ æ кæстæртæ, е. Æруагæс ни кæнуй, аци рауæн ци лæгигъæдгун кæстæрти уинæн, уони 'хсæн исонибони дуйнеуон чемпионтæ ке ирæзуй, е!



## АЛИХАНИ УÆЛАХЕЗ

Евгъуд сабати Мæскуй спортивон комплекс «Динамо»-й арæзт æрцудæй профессионалон гъæбесæйхуæсти изæр. Еристæ цудæнцæ уæгъдебарæ, грекъаг-ромаг æма силгоймæгти гъæбесæйхуæсти хузти.

Бонæй ци еристæ цудæй, уоми фиццаг командон ериси фембалдæнцæ Белорусси æма Уæрæсей богæлттæ.

Уæрæсей уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти команди ирон богæлттæ Багати Арслан æма Таугазти Ирбеги архайд рауадæй растауйнаг. Арслан 86 кг уæнгæ уæзи æмгъудæй раздæр фæууæлахез æй æ нихмæлæууæг Илья Храмцовбæл 12:0 хигъдæй, Ирбег ба 97 кг уæнгæ уæзи 10:0 хигъдæй фæууæлахез æй Василий Павлюченкобæл Командон ериси Уæрæсей уæгъдебарæ гъæбесæйхуæцгутæ фæууæлахез æнцæ 13:11 хигъдæй. Силгоймæгти командон фембæлд ба рахецæн æй Белоруссий пайдайæн 14:12 хигъдæй.

Грекъаг-ромаг гъæбесæйхуæстæй Уæрæсей команди Гегкити Азæмæт, 97 кг уæнгæ уæзи хуæцгæй, 4:1 хигъдæй фæууæлахез æй белорусаг богал Владислав Пустошиловбæл. Команди 'хсæн Уæрæсей рамулдта 4:2 хигъдæй.

Еци бон изæрæй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй цудæнцæ еристи сæйраг фембæлдтитæ. Уонæй еу адтæй Кцойти Алихан æма америкаг богал Джонатан Айеллойи фембæлд. Сæ нихмæлæуд рауадæй хъæбæр хъазауатон. Уæхæн хъаурæгин нихмæлæууæги хæццæ ериси Алихан равдиста бæрзонд профессионалон цæттæдзийнади хæццæ бухсундзийнадæ. Сæ фембæлдæн Алихан искодта хуарз кæронбæттæн æма рамулдта 5:4 хигъдæй. Æ аци уæлахез дзорæг æй, е абони дуйней хъаурæгиндæр е 'муæзонти хæццæ тох кæнунмæ цæттæ ке 'й, уобæл.

***БАСКАТИ Урузмæг***

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – сабати.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **530.** Заказ **№ 2476**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 14.11.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 14.11.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**